

BAB V

KACINDEKAN JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis déskripsi data, bisa diwincik tilu hal nu patali jeung kecap pancén dina karangan éksposisi siswa kelas VII-11 SMPN 43 Bandung di antarana:

- a. Kapanggih aya 100 kecap pancén tina 236 kalimah.
- b. Wangun kecap pancén anu kapanggih aya opat nya éta kecap pancén salancar 40 kecap (40%), frékuénsi makéna 556 kali (45,1%), kecap pancén rundayan dua kecap (2%), frékuénsi makéna lima kali (0,4%), kecap pancén rajékan tilu kecap (3%), frékuénsi makéna opat kali (0,3%), kecap pancén kantétan tilu kecap (3%), frékuénsi makéna 44 kali (3,6%).
- c. Wanda kecap pancén anu kapanggih aya tilu nya éta kecap panambah (adverbia) 27 kecap (27%), frékuénsi makéna 219 kali (17,8%), kecap panyambung (konjungsi) 18 kecap (18%), frékuénsi makéna 314 kali (25,4%), kecap pangantét (préposisi) tujuh kecap (7%), frékuénsi makéna 91 kali (7,4%).

Dumasar kana kacindekan di luhur bisa dicindekkeun yén kecap pancén mangrupa bagian tina warna kecap, palebah dieu, kecap mangrupa bagian kalimah pangleutikna anu sipatna bébas sarta ngadung harti anu tangtu. Kecap pancén atawa partikel nya éta kecap anu gunana pikeun ngajéntrékeun kalimah katut bagianana. sedengkeun kecap anu mindeng dipaké nya éta, kecap panambah panganteb “téh” anu miboga harti “netepkeun” jeung kecap panyambung (konjungsi) “jeung” anu miboga harti “jumlah (aditif)”.

Kecap pancén anu mindeng dipaké ku siswa kelas VII-11 SMPN 43 Bandung, nya éta, kecap panambah panganteb “téh” anu miboga harti “netepkeun” jeung kecap panyambung (konjungsi) “jeung” anu miboga harti “jumlah (aditif)”.

5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan di luhur, aya sababaraha rékoméndasi anu perlu ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan.

- a. Ieu panalungtikan téh ngan ukur nganalisis kecap pancén ditilik tina struktur, fungsi, jeung hartina. Ku kituna, masih kénéh perlu ditalungtik warna kecap séjén.
- b. Kecap Pancén dina ieu panalungtikan ngan ukur dianalisis tina wacana tinulis karangan éksposisi wungkul. Ku kituna, perlu aya panalungtikan kecap pancén tina data lisan sangkan hasilna leuwih lengkep.
- c. Kecap Pancén dina ieu panalungtikan ngan ukur disawang tina wangun jeung distribusina, wanda, fungsi, jeung hartina. Ku kituna dipiharep aya anu maluruh kecap pancén tina jihat nu lian sangkan leuwih jero jeung leuwih lega tilikanna.
- d. Ieu panalungtikan ngan nyokot sakelas. Ku kituna dipiharep aya panalungtik séjén nu ngabandingkeun tina dua kelas atawa leuwih, sangkan hasilna leuwih euyeub tur leuwih jéntré.
- e. Dina ieu panalungtikan, kecap pancén téh can dipatalikeun jeung bahan pangajaran. Ku kituna, masih kénéh perlu panalungtikan séjén anu ngagarap bahan katut pangajarannana.

Salian ti kitu, panalungtik ngarékoméndasikeun sangkan guru leuwih niténan kaparigelan basa siswa hususna kaparigelan nulis. Salila panalungtik nganalisis data panalungtikan, masih loba aspék kabasaan nu teu kapedar lantaran kawatesanan ku ambahan ieu panalungtikan anu ngan medar wangun jeung distribusi, wanda, fungsi jeung hartina wungkul. Aspék kabasaan nu séjén saperti éjahan, nulis aksara jeung kekecapanna, sarta nulis tanda bacana. Ku kituna perlu diayakeun deui panalungtikan anu ambahanana leuwih lega.